

Che Rezidan New York,

Swen sante koute chè anpil epi genyen anpil moun k ap chèche mwayen pou yo kapab peye mwens. Se poutèt sa a kat ki pwopoze "gwo ekonomi" yo parèt enteresan.

Mefye ou! Genyen anpil kat sante ki gen rabè epi ki bay mwayen pou ou fè ekonomi sou kèk pwodwi oswa sèvis, genyen ki fè moun konprann yo se yon fòm asirans sante, pandan genyen lòt ki kapab se fwod pou vòlè idantite ou.

Li enpòtan pou byen li materyèl lan, poze kesyon, fè kalkil yo, epi pigi ou janm bay yon biznis oswa yon moun ou pa konnen enfòmasyon pèsonèl ou yo.

Bwochi sa a bay konsèy k ap ede ou deside si yon kat sante ak rabè sou preskripsyon yo bon pou ou. Tanpri pa pè rele biwo mwen an si ou jwenn yon konpayi ki pa sa li pretann li ye a vrèman.

Sensèman,

Letitia James



Letitia James

Pwokirè Jeneral Eta
Vil New York la

Resous

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York Ian, Biwo Swen Sante

The Capitol Albany, NY 12224
(800) 428-9071
ag.ny.gov

Depatman Sante Eta New York (New York City Health Department)

health.ny.gov

Child Health Plus

(800) 698-4KIDS

Konpare Pri Medikaman sou Preskripsyon yo

[apps.health.ny.gov/pdpw
/SearchDrugs/Home.action](http://apps.health.ny.gov/pdpw/SearchDrugs/Home.action)

EPIC - AN.Y.S Perscription Plan for Seniors

(Plan Medikaman sou Preskripsyon pou Moun Aje yo)

(800) 332-3742
health.ny.gov/health_care/epic

Depatman Sèvis Finans Eta New York

(800) 342-3736
dfs.ny.gov

Healthy NY

(866) 432-5849
dfs.ny.gov

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken

healthcare.gov

Biwo Etik Komèsyal (Better Business Bureau)

bbb.org

Kat Sante ak Rabè sou Preskripsyon

Sa Ou Dwe Konnen
Avan Ou Achte Nan



Biwo Pwokirè Jeneral Eta
New York la

Letitia James



Plan Sante ak Preskripsyon ki genyen Rabè

Pwogram kat sante ak preskripsiyan ki gen rabè an pretann yo ofri ekonomi sou yon seri sèvis ak medikaman, jeneralman nan kad abònman pou yon mwa oswa yon lane. Manm yo resevwa yon kat rabè yon rezò doktè, lopital, famasi, ak lòt pwofesyonèl swen sante aksepte, ki bay rabè sou kék sèvis oswa pwodwi.

Itilize Bon Sans ou antanke Kliyan

Mande règ yo alekri. Mefye ou diskou y ap bay pou yo vann lan. Byen li òf lan, ansanm ak sa ki ekri tou pitit yo oswa kondisyon akò yo. Asire ou tout detay yo koresponn ak diskou vant lan.

Konpare Pri

Pwogram legal yo, yo montre ni pri ak frè ki genyen yo. Konpare tout pri yo, tankou frè administratif yo ak frè abònman chak mwa oswa chak ane yo.

Verifye Referans Konpayi an

Avan ou enskri, mande enfòmasyon pou konnen sa moun di sou konpayi an. Verifye nan òganizasyon tankou Biwo Etik Komésyal (Better Business Bureau) pou asire ou biznis lan legal epi gen bon repitasyon.

Poze Kesyon sou Politik Anilasyon Kat lan

Èske ou kapab anile nenpòt ki lè. Èske yo pral ranbouse abònman ou an oswa kalkile an pati?

Konsève Enfòmasyon Pèsònèl Prive ou yo

Pa janm bay kat kredi ou oswa lòt enfòmasyon pèsònèl ou yo bay etranje ki rantre an kontak ak ou. Sa kapab rive se yon tantativ pou vòlè lajan ou oswa idantite.

Kijan Yo Fonksyone:

Fonksyonman kat yo varye, men jeneralman yon manm peye yon frè ki redwi nan moman sèvis lan. Jeneralman se founisè an ki fikse rabè an, kidonk montan ekonomi an kapab varye ant founisè yo, epi menm nan mitan sèvis menm founisè an bay yo. Pa egzanp, yon dantis kapab bay yon 10% rabè sou yon netwayaj, epi 15% sou sèvis tretman kont kari. Lòt dantis kapab bay rabè sèlman sou netwayaj ak egzamen yo.

Avan Ou Deside Enskri, Reflechi sou Lòt Chwa ki genyen yo

Asirans Sante

Si ou pa genyen asirans sante, eseye jwenn youn. Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) pwopoze yon asirans bay moun ki gen revni epi ki pa gen aksè ak yon pwogram pwofesyonèl. Anplis, EPIC se yon pwogram medikaman sou preskripsiyan pou gramoun aje yo ki gen yon revni adekwa. (Yo enmere enfòmasyon pou kontakte yo nan do an.)

Kat pou benefisyè Rabè sou Medikaman yo Gratis

Rezidan Eta New York yo gen aksè ak kat rabè sou preskripsiyan nan tout eta a gratis sou NewYorkRXCard.com. Anpil minisipalite pwopoze kat rabè sou preskripsiyan gratis bay rezidan yo -- kék ladan yo baze sou revni, gen lòt se tout moun ki gen aksè. Kontakte meri ou an, vil ou an, oswa konte ou an pou wè si genyen yon pwogram ki toupre ou an. Anpil famasi ak gwo magazen genyen pwòp pwogram rabè yo tou.

Konpare Pri

Pri medikaman, linèt, ak anpil sèvis kapab gen gwo varyasyon nan menm kominate an. Konpare pri medikaman sou preskripsiyan nan kominate kote w ap viv lan sou sitwèb Depatman Sante a: apps.health.ny.gov/pdpw/SearchDrugs/Home.action

Yon Kat Rabè PA Yon Asirans Sante

Gen kèk pwogram rabè ki fè piblisite pou "kouvèti sante" oswa "swen sante abòdab" ki fè moun panse se asirans sante yo ye. Se pa sa.

Yon kat rabè sèlman diminye nan kantitie lajan w ap peye pou kèk sèvis. Li pa peye pwofesyonèl swen medikal ou yo pou sèvis ki kouvri oswa peye okenn demann ranbousman.

Pasyan an dwe peye fakti medikal yo pou li ka resevwa rabè an. Li pa pral pwoteje ou kont frè medikal ki wo anpil epi ki asosye ak yon maladi grav. Kat rabè yo pa règlemente

epi pa bay kliyan yo menm pwoteksyon ak kontra asirans yo, tankou konfidansyalite ak kouvèti obligatwa.

Yo pa konseye pou ou ranplase asirans sante ou an pa yon plan rabè.

Pale ak Pwofesyonèl Swen Sante Ou an

Asire ou pwofesyonèl swen sante ak biznis ou vle itilize yo aksepte kat lan. Mande pwofesyonèl swen sante yo espesyalman si yo ofri sèvis oswa pwodwi ou gen bezwen yo. Chèche konnen kijan kat lan fonksyone ansanm ak asirans lan.

Fè Kalkil lan

Ajoute tout frè plan rabè ou an, tankou abònman ak frè administratif yo, konpare yo ak rabè total ou ta renmen resevwa a. Si ou genyen yon asirans, kat rabè yo kapab pa ede ou fè ekonomi, sof si ou genyen gwo dediktib. Konpare ekonomi ou yo ak sa ou ta dwe ekonomize pandan w ap benefisyè lòt solisyon yo.